# अन्तरिम सरकारके कार्यभार

देशमे कैयो दशकसँ व्याप्त कुशासन, भ्रष्टाचार आ जवाफदेहिताक अभावक विरुद्ध आम नेपाली जनतामे देखा पड़ल गहिर असन्तोष आ घृणाक विस्फोट रूपमे २०८२ साल भाद्र २३ गते सँ शुरु भेल आन्दोलनके सफलताक नेतृत्व करैत,

जेने-जी आन्दोलनके मागसभ कँ व्यवहारमे उतारबाक लेल पारदर्शी, जवाफदेही आ दक्ष अन्तरिम सरकारके गठन आवश्यक रहल तथ्य स्वीकार करैत,

सामाजिक, राजनीतिक आ संरचनागत असफलतासँ संस्थागत भेल गरिबी, सीमान्तीकरण आ आर्थिक शोषणकँ अन्त्य करबाके लेल दिग्ग संकल्प करैत,

नेपालके वर्तमान अन्तरिम सरकारक प्रधानमंत्री रूपँ सम्मानीय पूर्व प्रधानन्यायाधीश सुशीला कार्की कँ दृढ समर्थन करैत,

नेपालके राष्ट्रपति द्वारा प्रतिनिधि सभा विघटन करबाक निर्णयके समर्थन करैत,

नेपालके सार्वजनिक संस्था सभमे भेल दलीयकरणके गम्भीर निन्दा करैत,

टिकाउ आ स्थिर सरकार निर्माण करबाके लेल समावेशी आधार पर राष्ट्रिय संवाद करके आवश्यकताके आत्मसात करैत,

नेपालमे पहिने भेल जनआन्दोलन सभसँ प्राप्त धर्मनिरपेक्षता, संघीयता, समानता, सामाजिक आ आर्थिक न्याय, समावेशिता, गणतन्त्र आ मौलिक अधिकारक सिद्धान्तके सम्मान करैत,

आम नेपाली जनताके प्रतिनिधित्व कर वाला जेने–जी आन्दोलनके माग उचित रूपसँ सम्बोधन हेतइ, ई विश्वासके साथ, अंतरिम सरकार सँ निम्न अनुसारके काज करबाक लेल हमरसबक माग अछि:

1. २०८२ साल भाद्र २३ सँ भाद्र २५ तक भेल आन्दोलनमे मारल गेल नागरिकसभके शहीद घोषणा करैत, हुनकर परिवारसभक आवश्यकताके दिर्घकालीन क्षतिपूर्ति करबाक व्यवस्था हो।
2. २०८२ साल भाद्र २३ सँ भाद्र २५ तक भेल आन्दोलनमे राज्यद्वारा कएल गेल सभटा मानवअधिकार उल्लंघनक घटना यथाशीघ्र स्वतन्त्र आ निष्पक्ष जाँच-पड़ताल कएल जाए, दोषीसभ पर कारवाई हो आ वास्तविक आन्दोलनकारीसभक सुरक्षा सुनिश्चित कएल जाए।
3. अन्तरिम प्रधानमन्त्री द्वारा गठित होयब वाला मन्त्रिपरिषद्मे समावेशिता आ समानुपातिक प्रतिनिधित्वके सिद्धान्तक आत्मसात करैत — महिला, यौनिक आ लैङ्गिक अल्पसंख्यक, दलित, आदिवासी जनजाति, मधेसी, अपांगता भेल लोक, पिछड़ल क्षेत्र आ युवा प्रतिनिधित्व सुनिश्चित करैत, जेने–जी युवासहित विज्ञ परामर्श समूह सेहो गठित कएल जाए आ ओकर सुझावके आधार पर प्रशासन सञ्चालन कएल जाए।

4. आगामी निर्वाचनमे विशेष रूप सँ जेने–जीक सहभागिता सुनिश्चित करैत, स्वतन्त्र, निस्पक्ष आ पारदर्शी तरिकासँ निर्वाचन सम्पन्न करबाक व्यवस्था कएल जाए।
5. एकटा सशक्त, स्वतन्त्र आ सक्षम आयोग गठन कएल जाए आ हालतक भेल पदक दुरुपयोग आ भ्रष्टाचारक दोषीके कानूनी दायरामे आनिकय, शीघ्र कारबाही कएल जाए ।
6. भ्रष्टाचार न्यूनीकरणके लेल राजनीतिक दलसहित संघीय, प्रादेशिक आ स्थानीय तहक सब प्रकारक सार्वजनिक संस्था सबमे सुधारक अभियानके प्रभावकारी रुपेँ संचालन कएल जाए।
7. निर्वाचनक बाद बनल संसदके पहिल म्यान्डेटक अधिकतम कार्यकाल दुइ बेर स बेसी नहि होबाक चाही आ प्रत्यक्ष निर्वाचित कार्यकारी सरकारक प्रमुखक मागके सम्बोधन कएल जाए।
8. अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्के सभ निर्णय आ काज सार्वजनिक रूप स पारदर्शी ढंग स नागरिकसभक समक्ष प्रस्तुत करबाक कामक शुरुवात अखनेस होबाक चाही।

howtodeshbikas द्वारा तैयार कैल गेल

समर्थक :

साक्षी :

हस्ताक्षर :

प्रधानमन्त्री

राष्ट्रपति (छाप सहित)